



Pou Piblikasyon Imedya: 18/06/2015

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO, LIDÈ MAJORITE FLANAGAN AK PREZIDAN HEASTIE  
ANONSE AKÓ SOU LEJISLASYON POU KODIFYE REFÒM GLOBAL POU  
REMANYE PORT AUTHORITY NEW YORK AK NEW JERSEY**

Gouvènè Andrew M. Cuomo, Lidè Majorite Sena John Flanagan ak Prezidan Asanble Carl E. Heastie jodia te anonse ke yo te jwenn yon akò twa-pati sou lejislasyon an pou kodifye refòm nan Port Authority New York ak New Jersey.

“Lejislasyon an ki te prezante jodia adopte chanjman konplè ki sou pye nan kad rekòmandasyon ki te fèt nan mwa desanm pa Komite Spesyal Bi-Eta sou avni Port Authority,” te deklare Gouvènè Andrew M. Cuomo. “Lè nou enskri pwogrè sa yo an lwa, nou pral asire ke administrasyon Port Authority pral sèvi abilman ak efikasman moun rejyon metropoliten New York epi retounen nan misyon santral orijinal li pou devlope ak kontwòle enfrastrikti transpòtasyon rejyonal. Adopte refòm enpòtan esansyèl sa yo pral egalman asire yon Port Authority ki pi transparan ak efikas. Mwen vle remèsye Gouvènè Christie ak patnè mwen yo nan lejislati a ak nan New Jersey paske yo te travay ansanm pou garanti ke Port Authority fonksyone nan nòm ki pi elve.”

Lidè Majorite Sena John Flanagan te deklare: “Akò sa a pral inogire refòm ki nesèsè pou asire ke Port Authority New York ak New Jersey fonksyone avèk yon pi gwo nivo transparans e li pi responsab pou piblik la. Rezidan eta sa a ap mande ke tout nivo gouvènman yo fè plis avèk mwens, idantifye efikasite kèlkeswa kote li egziste epi bay plis valè pou lajan ke yo te travay di a. Mwen remèsye Senatè Andrew Lanza pou travay li nan pwojè lwa sa depi lontan kap ede nou atenn chak nan objektif sa yo.”

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare: “Lè nou ogmante transparans, amelyore règlemantasyon ak enstitye plis kontwòl endepandan, pwojè lwa sa se yon etap pwogrè enpòtan nan direksyon refòm nan. Refòm sa yo ta ranfòse Port Authority epi kreye pi

gwo responsabilite nan otorite a ansanm avèk nan piblik la.”

Senatè Andrew Lanza, pwomotè refòm pwojè lwa Port Authority a, te deklare:

“Operasyon Port Authority afekte sou lavi plizyè milyon moun nan Staten Island ak nan tout rejyon an. Konpleksite otorite bi-eta sa a te fè refòm ireyèl e jiska panse ke yo pa reyalizab. Li patikilyèman gratifyan pou anonse ansanm avèk Gouvènè Cuomo ke nou te matele yon pwojè lwa refòm istorik sou Port Authority ki ta bay pi gwo responsabilite, transparans, ak efikasite a Port Authority. Mwen remèsye an patikilye Gouvènè Cuomo, Senatè Flanagan, ansanm avèk Manm asanble Brennan ak Cusick pou lidèchip ak travay di yo sou kesyon sa a”.

Manm asanble James Brennan, Prezidan Komite sou Kòporasyon yo, Otorite ak Komisyon yo, te deklare: “Responsabilite, sipèvizyon, transparans— sa yo se kle nan refòm lan. Pwojè lwa sa a ta etabli sipèvizyon enpòtan ak transparans epi pèmèt yon Port Authority ki pi efikas kap travay nan non moun New York ak New Jersey.”

Lejislasyon ki te entwodui jodia ta dapre lalwa kodifye chanjman global ke Port Authority te deja antreprann pou asire ke fonksyon l'ouvè ak transparan. Li enkli egalman lòt refòm Komisyon Spesyal sou Avni Port Authority a [te rekòmande](#), sa Gouvènè Cuomo ak Gouvènè New Jersey Chris Christie te konvoke nan ane 2014.

### **Spesifikman, lejislasyon an gen ladan aksyon ki annaprè yo:**

- Kodifye yon nouvo strikti jesyon ki enkli:
  - Yon nouvo Ofisye Egzekitif anchèf pou ranplase Direktè a ak asistan direktè egzekitif la
  - Wotasyon Prezidan ak Vis Prezidan ant New York ak New Jersey chak dezan, kòmanse avèk New York;
- Entèdi yon Komisyonè, enkli Prezidan pou l pa travay kòm Ofisye Egzekitif anchèf Port Authority oswa kòm nenpòt lòt ofisye pandan lap travay kòm yon Komisyonè;
- Etabli yon Chèf Etik ak Ofisye Konfòmite ki pral ranfòse konfòmite avèk lwa aplikab yo ak pi bon pratik, ranfòse otorite Enspektè Jeneral Port Authority, epi etabli yon sistèm pou rapòte enfòmasyon ak pwogam asistans;
- Mande Komisyonè yo pou egzekite yon enstriksyon ki deklare obligasyon fidisye pou egzèse jijman endepandan epi aji nan pi bon enterè Port Authority, misyon l, ak piblik la;
- Adopte yon deklarasyon misyon Port Authority ki fèt pou reponn a bezwen enfrastruktir transpòtasyon enpòtan nan rejyon bi-eta nan bay piwo nivo kalite ak transpòtasyon ki pi efikas ak etablisman pò komès ak sèvis pou deplase moun

ak byen nan rejyon an, bay aksè a peyi a ansanm ak mond lan, ak pou ankouraje devlopman ekonomik;

- Etabli yon règleman diskalifikasyon klè pou anpeche konfli enterè, mande komisyonè, ofisyè, ak sèten anplwaye pou depoze enfòmasyon finansyè, epi mande tout Komisyonè, ofisyè ak anplwaye yo pou kenbe dosye yo sou kontak avèk lobyis yo;
- Egzije avi piblik reyinyon Port Authority ke kalite reyinyon sa ouvè pou piblik la;
- Egzije Port Authority pou fè yon bezwen evalyasyon endepandan ak odyans piblik anvan yo ogmante pri tòll; ak
- Etabli rapò anyèl amelyore, kontwòl finansye, ak disponiblite piblik plan kapital Port Authority, plan finansye, dipozisyon pwopriyete.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418